



# Ranplasman Pon PFC Ralph T. Basiliere

## Sa k ap pase?

MassDOT pral ògànize yon odisyon publik an dirèk, an pèsonn, pou bay moun nan kominate a yon chans pou yo konprann tout bagay nan ranplasman yo pwopoze pou Pon Sòlda Premyè Klas Ralph T. Basiliere a, ki pèmèt Bridge Street (Wout Eta 125) pase anlè Merrimack River nan Haverhill, Massachusetts. Menm si pon ki la kounye a rete san danje pou tout moun, estrikti a rive nan fen dire li ka sèvi a, kidonk li dwe ranplase.

## Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè yo pwopoze a, se ranplase tout Pon Basiliere a. Nouvo pon yo prevwa a pral genyen kat bann sikilasyon pou veyikil, kidonk de nan direksyon nò ak de nan direksyon sid, ansam ak enstalasyon amelyore pou bisiklèt ak pyeton. Aparans eksepsyonnèl estrikti yo pwopoze a devlope an kolaborasyon avèk kominate Haverhill la, pou sanble Pon Basiliere ki la kounye a. Yo pwopoze tou pou sèvi avèk menm plafon ki sou obsèvatwa ki genyen kounye a, nan Bradford Rail Trail.

Travay la pral fèt an etap, pou pèmèt sèvi avèk yon koulwa sikilasyon nan chak direksyon, avèk yon twotwa pou travèse Merrimack River ant Haverhill ak Bradford pandan tout tan pon an ap bati. MassDOT ankouraje tout manm kominate a ki enterese pou yo vini nan odisyon an, pou aprann plis bagay sou pwojè a.

## Kilè

MÈKREDI 29 ME 2024  
6:00PM

## Ki Kote

UMASS INNOVATION HUB  
2 MERRIMACK STREET, 3<sup>rd</sup> FLOOR  
HAVERHILL MA 01830



Pou MassDOT sèten moun ka patisce facil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprtèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580, oswa nan adrès [MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonnik [massdotmajorprojects@dot.state.ma.us](mailto:massdotmajorprojects@dot.state.ma.us). Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a : **Carrie A. Lavallee, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: BRIDGE SECTION PROJECT FILE NO. 605304**